

1. Tubanze dushimire Imana Mushoboravyose yo yaduhumuye amaso, Ikarema mu mitima yacu ubwenge n'ishaka yo guteza imbere igihugu cacu, ikaduha n'ubutunzi kama butandukanye twokoresha kugira tugiteze imbere.
2. Tuyikengurukiye ko twashoboye guhurira ngaha dufise umugambi umwe wo guteza imbere igihugu cacu, dusangiye umuzirikanyi wo gusenyerera ku mugozi umwe, dusangira ijambo n'ikivi kugira dushike kw'ihangiro ry'imbonakazoza nshasha rizodushikana ku gihugu cifashe,

cigaba kigaburira kandi giteye imbere.

3. Nagira mbanze nkengurukire mwese mwitavye iri huriro, mwebwe muri hano n'abandi bariko barabikurikirana biciye mu buhinga ngurukanabumenyi, na cane cane ko nzi ko muba mufise ibikorwa vyinshi.

Ndashimiye ko mwemeye gutanga umwanya wanyu mu gutegura ivyigwa bizofasha mu gukomeza iterambere ry'igisata c'abikorera ivyabo mu Burundi.

4. Iri huriro ryataziriwe « Umuzinga Day » ritunganijwe ubugira kabiri ryateguwe ku civugo : « Ibiganiro hagati y'ibisata vy'abikorera utwabo, n'inzego z'igihugu, inkingi y'iterambere ridakumira mu vy'ubutunzi ».

**Banyakubahwa mwese**

5. Mw'ihuriro rya mbere ry'abakora mu gisata c'abikorera ivyabo twari twise « Forum du Secteur Prive », twarahanahanye ivyiyumviro vyubaka igihugu bitari

bike, kandi biriko biradufasha uno musu.

Niho mbere havuye ugushinga uyu musu witiriwe « UMUZINGA » kugira ngo tuzoze turahura duhanahana ivyiyumviro vyoteza imbere igihugu.

Ari naco gituma, uno musu nashatse kubashikiriza ijambo mu kirundi, kugira abarundi babandanye bahindura umuzirikanyi wabo bumve ko ar'ivy'abo ; ariko n'abadushigikira mu ntambuko zacu babasobanurire mu ndimi bashobora gutahura.

6. Reka rero tubanze twibukanye insiguro y'iri jambo: "Umuzinga" .  
Umuzinga tuvuga, ni umuzinga w'inzuki twafashe nk'igihugu, inzuki nazo nk'abanyagihugu.

Umuzinga ni igihugu c'inzuki, igihugu citunganije, gifise abenegihugu bagikunda bakagikorera, abo nabo ni nka kurya kw'inzuki.

Uruyuki rwose rufise ishingiro ryo kuza kudaha ubuki mu mashurwe, ruzana utwo ruronse twose muri uwo muzinga kugeza wuzure.

Aha natwe duca twumva ko umunyagihugu ari mu burundi,

ndetse n'umwenegihugu wese aho ari hose,

abafise ishingiro ryo gukora, umwe wese ico ashoboye, ariko agakora azi ko ariko asahiriza iterambere ryiwe n'iry'igihugu.

7. Umuzinga ni nk'igihugu. Utwereka ko isorosoro rigwira iyo rija. Nico gituma duhimiriza ko ata muntu n'umwe mu Burundi yorera amaboko.

Ni co gituma kandi iyo abenegihugu bakunda igihugu cabo nka kurya kw'inzuki zirondera zizana mu muzinga, bokora bazana mu gihugu, umwe wese akazana

ico yaronse kimuteza imbere,  
igihugu coca gitera imbere,  
gitejwe imbere n’umwimbu  
w’umwe umwe azana, uko uba  
ungana kwose.

Bavukanyi mwese,

8. Twama twabibukije ko ingingo  
ngederwako mw’iterambere  
ry’Uburundi ari: “ITERAMBERE  
RIKOMOKA KU MWENEGIHUGU  
RIKONGERA RIKAMUGARUKAKO”.

Iyi ngingo irahambaye kuko  
ihamagarira abarundi bose kugira  
ico bakoze, abagize ico bunguka

**bagatheza bakaronka n'ico bashira mu kigege c'iterambere rusangi.**

**Ni muri icyo ntumbero duhimiriza ko ata murundi n'umwe yemerewe kurera amaboko, kuko dukoze twese turunguka; amajambere y'umwe umwe agiye hamwe aba amajambere y'igihugu.**

**Iyo abanyagihugu bifashe neza, n'igihugu kiba cifashe neza, wa muzinga uba wuzuye kubera umwe wese yazanye umuce wiwe.**

- 9. Uyu musu witiriwe "Umuzinga" , ni akaryo kandi ko kwibutsanya ko abarundi banye bagize ubumwe bagasenyerera ku mugozi umwe.**



**Gusenyera ku mugozi umwe.**

**Kugira tubitegere neza, reka dufatire ku bantu bagiye gusenya inkwi. Ndazi ngaha ko hari benshi batagiye gusenya, batazi n'ico bisigura, ariko bavuga yuko n'uwutagira inka arabona aho ziragiwe.**

**Abavukana bagiye gusenya, bashitse mu gisanze, barasanzara umwe wese agenda aratorora.**

**Inkwi umwe wese agenda aratorora zikwiye ugwombokwe, haba hari ikibanza bazegeranirizamwo, bakwije**

**imiganda, bose bagataha  
bakegeraniriza hamwe.**

**Bashitse muhira ya miganda batura  
hamwe, uwatoratoye inkwi nke  
canke nyinshi, ngufi canke ndende,  
bose bashira hamwe, zose  
zigacanira inkono imwe baza  
gufungurako bose.**

**10. Iyo nkono ihiye bayisangira bose  
ata mwana n'ikinono.**

**No mu gihugu nikwo kwuko,  
ikigega c'igihugu cuzuzwa  
n'abenegihugu bagabanya ku vyo  
bakuye mu mwimbu. Iyo hubatswe  
ibarabara bose baricamwo  
atawimiriwe, hubatswe amashure,**

yigwamwo n'abana bose, ibitaro ni kwo kwuko.

Ni muri iyo ntumbero naho nyene tuguma duhimiriza abarundi gukora kugira bagwize umwimbu, baronke amakori yo gusahiriza ikigega c'igihugu.

Turiyamiriza kandi abasahura ico kigega bashira mu mifuko yabo.

Ni nkuko twiyamiriza ibinebwe bishaka kurya imitsi abandi, bakarya ivyo batabiriye akuya.

Ni nkuko dutera intege abarundi bose gutanga amatagisi n'amakori n'umutima ubikunze.

**11. Inyigisho twokuramwo ni uko twese twokwamiza ku muzirikanyi ko igihugu gitezwa imbere n'ibikorwa birangurwa n'abakirimwo.**

**Ni co gituma duhimiriza ko ata murundi n'umwe yemerewe kurera amaboko, kuko dukoze twese twunguka vyinshi, tugatera imber twese.**

**Turemye itunga, riba ari irya twese, n'igihugu kiba cifashe neza, wa muzinga uba wuzuye kubera umwe wese yazanye umuce wiwe.**

**Banyakubahwa mwese**

12. Mw'ihimbazwa ry'isabukuru ya mbere y'umusi « Umuzinga Day », harafashwe ingingo ko uwu musi uzohora uhimbazwa uko umwaka utashe, aho abasangiye ibikorwa bo mu bisata vya Reta n'abikorera ivyabo bazokwama bahura, kugira turabire hamwe ingene ibikorwa vyo kugwiza itunga vyifashe, maze dutorere hamwe inyishu z'ibibazo amashirahamwe y'abikorera ivyayo aba afise.

13. Nk'uko biri, « Umuzinga Day » ni akaryo ko gukomeza ikiyago hagati y'ibisata vya Reta n'ivy'abikorera

ivyabo kubijanye n'iterambere ry'igisata c'abikorera ivyabo, mu gushiraho akaryo ko guhanahana ivyiyumviro hagati y'inzego z'igihugu n'abanyamitahe ku ngingo zafashwe canke zoba zimirije gufatwa, n'ingaruka zigira mu gisata c'abikorera ivyabo, no ku yandi masezerano ari hagati ya Reta n'incuti zayo zitandukanye.

14. Erega ni n'akaryo ko gusiguriranira ibikwiye gukorwa kuko Uburundi buracirondera inyuma y'imyaka myishi twacyemwo duhanganye gusa n'ingorane.

Ibi ndabivuze kuko, muri iyi misi turiko turashinga umushinge mw'iterambere, tumaze kubona ko muri vyinshi bijanye n'ubutunzi bw'igihugu, hari benshi cane tutavyumva kumwe, iyo tuvuze iterambere rusangi.

Erega hariho n'abazi ko iyo bobo batunze ikigega c'igihugu kigaragara ko ata ngorane.

Hariho benshi batazi imvo igihugu gihebera uyu canke uriya amakori ku kiringo iki canke kiriya.

Mbere hariho n'abatazi akamaro ko gutanga amakori mu gihugu ndetse

bazi ko amakori ari iposho ry'abegereye ikigega.

15. Ku ruhande rw'igihugu, muri iyi myaka itatu irangiye, uburongozi bw'igihugu, muvya bujewe nk'umworosha kw'isoko ry'ihiganwa nyaryo, bwarashizeho impinduka mu bijanye n'amategeko n'iringanizwa ry'ibigo bimwe bimwe, kugira ngo ibikorwa vy'urudandaza canke icuka ciza kijanye n'ishingwa ry'imitahe bigende neza kandi bitume igihugu gikwega abanyamitahe.

16. Uburongozi bw'igihugu bwarabonye ko hari vyinshi



abanyamitahe basaba kugira ngo  
nabo bakore bunguka,  
ariko kandi n'igihugu carabonye ko  
hari abo bagwizatunga bafise  
agatima ko gusahura itunga  
rusangi bishirira iwabo gusa.

Aha twovuga nko mu bisata  
bigwiza umwimbu ari vyo nk'igisata  
c'uburimy, ubutare n'agataka,  
igisata c'ingezi n'igisata  
c'ubuhinga ngurukanabumenyi.

17. Muri ivyo bisata, ahanini  
twasanze amasezerano yo gutanga  
amatongo yaba ayo kurimamwo  
canke yo kwimbamwo ubutare  
hagati y'uburogozi bw'igihugu

n'amashirahamwe, harimwo  
ubuzimbe.

Ivyo vyavuye ahanini ku mvo zo  
kukutamenya kubungabunga itunga  
rusangi ku neza y'abenegihugu  
ndetse no kuri ka gatima ko  
kudakunda igihugu na beneco ;  
aho hibonekeje ko bansumirinda  
baharonkeye akaryo ko gusahura  
igihugu.

Ubu rero inzego zibijejwe, zaritaye  
ku rutare ziragerageza gutora  
umuti ku bibazo vyaba  
ivy'abagwizatunga canke  
vy'abenegihugu batabona

akunguko kw'itunga ryabo  
rikoreshwa.

18. Muri ivyo twovuga :

a. Ishirwaho ry'itegeko rigenga  
ubutare icukurwa, iyimba  
n'urudandaza vyabwo.

Muri iki gisata, ni vyo  
abagwizatunga barabona ko  
bahahombera ariko ahanini  
twasanze ari igihugu kihahombera  
mbere n'abasahiriza  
mw'iterambere ry'igihugu  
barabona ko umengo ni ukugaba  
itunga rusangi ku nyungu  
z'indongozi zimwe zimwe zija

inama n'abagwizatunga mu  
kwigarurira ivy'abenegihugu.

Aha twovuga ko abatari bake  
biyibagiza ko mugukoresha  
ubutare, igihugu kizana umutahe  
w'ubutare, umugwizatunga nawe  
akazana umutahe w'amahera yo  
kwimba no guhingura.

Igihe rero bashoye umwe wese  
araheza akaronka ibingana n'ivyo  
yazanye.

Ntivyokwumvikana ukuntu igihugu  
coba gifise ubutare bungana  
nk'umiriyaridi cumi z'amadolari,  
hanyuma mukugira tubwimbe  
twongere tubugurisha bigakenerwa

imiliyoni ijana z'amadolari,  
hanyuma hageze kugabura  
umusaruro tukaza hasi.

Nico gituma twahinyanyuye  
amategeko kugira ngo habe  
amasezerano meza aho umwe  
wese aronka umusaruro ungana  
n'ico yazanye. Ndetse kugirango  
dukure umwikeko w'abenegihugu  
ku masezerano hagati y'uburongozi  
bw'igihugu n'abagwizatunga,  
twashinze yuko amasezerano yose  
aca mu mahiganwa kugira igikorwa  
gikorerwe ku mugaragararo.

b. Harashinzwe kandi itegeko  
rishasha rigenga

**abanyamitahe n'itunganywa  
ry'ihanahana ry'ibidandazwa.**

**N'aha nyene abanyamitahe bari  
bafise akangonongono ko bakora  
bahomba.**

**Inzego z'igihugu rero zategerezwa  
kuraba ingingo zibereye kugira  
abagwizatunga bakore bafise  
umwizero wo gutera imbere.**

**Izi ngingo zashizweho kugira ngo  
igihugu corohereze abanyamitahe  
mvamakungu baza gukorera ivyabo  
hano mu gihugu.**

**Aba nabo birakwiye ko  
boroherezwa kurusha kuko nabo  
baba bazanye imitahe itavuye mu  
mwimbu w'igihugu.**

Ni muri icyo ntumbero nyene uburongozi bw'igihugu bwafashe ingingo yo gukomeza no gutunganya gushasha ikigo kijejwe iterambere ry'Uburundi (ADB).

Mbere kugira dutange umwizero ku banyamitahe mvamakungu, icyo kigo twahisemwo ko gikurikiranirwa hafi n'urwego rukuru rw'igihugu kugira ngo babone ko ivyo baje gukora bishigikiwe koko n'igihugu.

- c. Mu gisata c'amasoko ntanganguvu, twarabonye ko nko mw'idandazwa

ry'umuyagankuba canke ry'igitoro  
harimwo umuzimiza.

Twarabonye kandi ko ico gisata ari  
co twovuga ko ari amaraso  
y'igihugu mw'iterambere.

Nico gituma mw'idandazwa  
ry'igitoro turiko turaringaniza neza  
amategeko kugira abagikura hanze  
bakizane mu mucu, kandi  
bakidandaze badakandamije  
abenegihugu mw'ishingwa  
ry'ibiciro.

Ni muri iyo ntumbero nyene  
twaringanije gushasha igisata  
c'umuyagankuba, ubu tukaba  
twemerera abanyamitahe



kwugurura, kugwiza no kudandaza umuyagankuba hagati mu gihugu.

Naho nyene twari twarabonye agahaze mw'itunganywa ry'amasezerano aho wasanga umugwizatunga ashaka kudandaza umuyagankuba nkuko umengo aho awukura ni we yaharemye kandi tuzi ko amazi n'amasumo ari ivy'igihugu, wewe azana umutahe wo kwubaka gusa.

d. Uburongozi bw'igihugu burabandanya kandi bwiyumvira icokorwa kugira ngo abarundi bose baje ku kivi. Aha ni nko kuronsa imitahe abafise imigambi y'iterambere ariko batagira

amikoro, mu gushinga ibanki y'urwaruka n'iy'abakenyezi, no gushinga ca kigega kijejwe kwishinga abasaba ingurane mu mabanki FIGA.

Uretse n'ivyo, uburongozu bw'igihugu ntibwirengagije no gutera intege mu gukura hasi urwaruka kugira rutegere neza ugushira mu ngiro imigambi igwiza umwimbu bucuishije muri waa mugambi wo guteza imbere urwaruka mu bijanye n'ubutunzi no kurema akazi PAEEJ.

- e. Turaguma kandi dukurikirana ubushobozi bw'abgwizatunga kugira ngo bashobore nabo

guhiganisha ivyo bahinguye ku masoko mpuzamakungu.

Ni muri icyo nzira tuguma turaba icokorwa kugira ngo ikigo kijejwe kugenzura ubuziranenge (BBN) gishobore guhanura abagwizatunga, ndetse gishobore no kurereka ntihagire abikika mu kiza ngo bahingure bongere bashire kw'isoko ibintu bigira ingaruka mbi mu buzima bw'abantu

- f. Ubu rero inzego z'igihugu zikaba ziguma zita ku rutare ziraba imbonakazozo n'impinyanyuro zokorwa kugira ngo ivya nkenerwa ntabanduka biboneke.

Aha twovuga nko kwubaka amabarabara kugira ngo uruja n'uruza rushoboke, mbere igikomeye kiriko kirakorwa akaba ari ibarabara ry'indarayi rizodushikana kw'ibahari indiyano, no kwubaka amabarabara aduhuza n'ibindi bihugu tutibagiye n'amabarabara ahuza intara n'izindi.

Tuguma kandi dukora uko dushoboye kugira ngo wa muhora utuma itumatumana ry'amakuru ryoroha, tukaba duhamagarira abanyamitahe kwinjira muri iyo migambi.

Uburongozi bw'igihugu buriteguye kugirana amasezerano yungukira bose n'abagwizatunga bavyipfuzza.

g. Uburongozi bw'igihugu bwarabonye ko abagwizatunga bakenye abakozi b'abahinga. Nico gituma twihaye intumbero yo gutegura abakozi babishoboye mu buryo bujanye n'ivyo igihugu gikeneye mu gisata c'abikorera ivyabo.

Twaratunganije umugambi wo gufasha urwaruka kwironderera akazi rwonyene mu kwubaka no gutunganya neza ikigo cigisha

imyuga c'i RUSI mu ntara ya  
KARUSI.

Turipfuzwa no kurwiza ivyo bigo no  
mu zindi ntara z'igihugu.

Turazi ko ivyo bigo bizofasha  
igihugu kugukarihiriza ubwenge no  
gucura gushasha incabwenge  
zishoboye gukora mu bisata  
bigwiza umwimbu.

Turashimiye abadusahiriza  
mw'iterambere babamaze  
gutahura uwo mugambi  
bakanawufata mu mugongo.

Ngaha ndavugaga ahanini igihugu  
c'Ubufaransa catwemereye  
kuduterera ikigo kimwe

kizokwubakwa mu ntara ya  
Cankuzo,  
n'ibanki ya Afrika ijejwe iterambere  
yaduterereye ibikoresho  
nfishanyigisho vyo mu kigo c'i  
Rusi.

Tukaba twizigiye ko n'abandi  
bagiya kudufata mu mugongo  
kugira Uburundi bushinge koko  
umushinge w'iterambere rirama.

**Banyakubahwa mwese**

19. Dutunganije rino huriro mu gihe  
turi mu rugamba rwo kunagura  
ubutunzi bw'igihugu.

Iyo tuvuze ubutunzi bw'igihugu tuba tuvuze itunga.

Mururwo rugamba, abikorera ivyabo bafise uruhara ntangere kuko ni abagwizatunga.

Ariko nabo hariho uwundi muce w'abantu bakenewe mu runani rwo kugwiza itunga. Aha tukavuga abanyamitahe n'abadandaza, tukavuga n'abanyakazi.

Ariko turamaze kubona ko koko tudatahura twese kumwe ico tuba duhamagariwe gukora, bivanye n'ico turi. Ni vyo, bose bagize urunani mukugwiza itunga, ariko ntibakora bimwe.



20. Kugira igihugu gitere imbere ni uko uwukibamwo wese aba yagize ico akora kimuteza imbere.

Nico gituma jewe ntandukanye n'abandi bemeza inzego z'igihugu ari zo ziteza imbere igihugu.

Jewe nemeza ko igihugu gitezwa imbere n'abagwizatunga.

Ico abantu bomenya ni uko ubutegetsu bw'igihugu bubaho kugira abantu bakore badacanamwo, umwe wese agakorera mu rutonde ata kajagari. Abantu kugira bakore, barakeneye umutekano n'umwigemvyo, barakeneye kandi abahinga babereka ubuhinga bwo gukora ari

co gituma igihugu kugira gitere  
imbere gikeneye amashule yo  
kwigisha ubuhinga,  
n'amavuriro akora ibishoboka  
kugira ngo abantu bakore bafise  
amagara meza.

Ubutegezi kandi ni bwo butanga  
inzira abantu bose bakoreramwo  
atawugunda uwundi.

Nico gituma igihugu gitegerezwa  
kugira ikigega kugira ibikorwa  
bisabwa ubutegezi bw'igihugu  
bishoboke.

21. Umurwizatunga rero ni karahara  
mu rugamba ntibacure.

Ni we nomero yambere dukeneye mu gihugu, nico gituma ari uwo kubungabunga kuko niwe agize ubuzima bw'igihugu.

Ni we arema itunga mu guhingura itunga kama, canke akiyumvira ubuhinga bushasha yozanira abenegihugu batari bafise, mu ntumbero yo kubateza imbere no kurondera inyungu.

Mu yandi majambo, umurwizatunga ararema isoko, afatiye ku vyo abonye abantu bakeneye mu gihugu canke mu karere arimwo, canke afatiye ku vyo yiyumviriye.

Ntihagire rero umuntu yigaya kubera ahingura bike, igikuru ni

uko guhingura ikintu kikavamwo  
itunga. Umurinyi arahingura isi  
agatera ibiterwa vyamera  
akabishora bikamuzanira amahera.  
Umwubatsi arubaka hanyuma inzu  
ikagurwa canke igapangwa.  
Umucuzi acura ubutare  
bukavamwo ivyo agurisha.  
Umunyabumenye arakora ivyo  
abantu bakeneye bakabigura.  
Uwundi aravyaza umusaruro  
ibiratwa, abantu bakaza kubiraba  
bazanya amafaranga.  
Umunyakaranga canke umunonotsi  
nawe nyene ni umugwizatunga  
kuko araja guhiganwa canke

akanezereza abantu bagaheza bakamuriha.

Mbega nk'ubu mvuze gutyo, wewe unyumva uri hehe ?

Urashobora kwigira inama ukagira ikintu kiguha amahera atawe usavye ?

Dutahure kandi ko Umurwizatunga ari umudandaza, ariko umudandaza si umurwizatunga.

22. Umudandaza ni umuntu akora umurimo wo kwegeranya ivyahinguwe canke bikoreshwa uko nyene mu ntumbero yo kubishikiriza abenegihugu, akuyeko inyungu.

Ni umuranguzi arangura ivyahinguwe akabidandaza ku babikeneye.

Muri make, umudandaza ni umuhuza w'abagwizatunga n'abaguzi hanyuma akabigira umwuga. Umudandaza w'ukuri akoresha umutahe wiwe canke yaguranye.

Ni aho atandukaniye na bamwe birigwa bicaye, bakazinduka kurondera isoko y'ivyo batagira.

23. Umukozi nawe turabe uruhara rwiwe. Abagwizatunga barakeneye abahinga. Abo bahinga ni bo bahingura, ni bo bakanika ivyuma,

ni bo bashinzwe ibikorwa vyose vyo kugwiza umwimbu.

Abo na bo bashora ubumenyi bwabo, bakabuvyaza umusaruro hanyuma baronka itunga.

Nico gituma ata mukozi akwiye guhembwa aterekanye umwimbu yazanye.

**Bagenzi;**

24. Twumvirije ibi vyose mvuze, turashobora gutahura neza ko igihugu kitotera imbere hatari umugwizatunga. Inzego z'igihugu zijejwe kworohereza

abagwizatunga gukora kugira ngo bateze imbere igihugu.

Ni ngaho nshimikira mu gukurira inkoni ku gishitsi ko abakozi b'igihugu atari abagwizatunga ahubwo bajejwe kworohereza abagwizatunga kugira umwimbu wabo uduge.

Umukozi w'igihugu mu bisata bitandukanye adakora ivyo, aba ariko acuvya iterambere kuko aba abujije abagwizatunga gukora.

Mu bisanzwe, ikigega c'igihugu kiduzwa n'ivyo igihugu kigurisha, ivyo navyo ni rya tunga rusangi kama. Ikigega kirongera kandi



kikaduzwa n'amakori n'amatagisi atangwa n'abagwizatunga hamwe n'abadandaza.

Nico gituma umutangakori wese ari kirumara mu gihugu.

Mbega hari uwovuga ko yatanze ikori mu gihugu kandi aritanze mu yo yakuye mu kigege c'igihugu nyene? Jewe birya ndavyita amahendwabana, ngo igihugu cinjije naho ari ayo cari cifitiye.

25. Tugarutse ku mugwizatunga, ntapfa guta ibintu mu rudubi, araraba neza ibihe akoreramwo, mu gihugu, mu karere n'ahandi, akaraba neza ko ata ntambamyi

cane cane z'ubutunzi, umutekano n'amategeko.

Aha duca twumva rero rwa ruhara rw'inzego z'igihugu ari co gituma abazikoreramwo bategerezwa kuzirikana ko igihugu kitazoronka agahembo kibaha, abagwizatunga badakoze neza bunguka.

**Banyakubahwa mwese ;**

26. Novuga ko umugwizatunga w'Uburundi ahiriwe kuko aracabona ivyo akwiye gukora. Erega hari abandi babimaze. Ndetse n'ivyo mu Burundi twicaye ku gahiye, dufise igihugu ciza, kiri

heza mu kibanza ciza, gifise umuco  
n'imvura n'akayaga keza;  
igihugu nyabagendwa gifise vyinshi  
vyo kurata kandi vyoduteza imbere.

Ndetse n'ivyo, aha iwacu hari  
isoko. Aha mu karere  
duherereyemwo turacakeneye  
vyinshi tugisumira kure kandi  
ngaha iwacu dushoboye  
kubihingura. Ntihagire rero  
uwovuga ngo vyose ntibikwiye ku  
mugwizatunga.

Ni vyo, kenshi muravuga ibibura,  
nk'amabarabara n'umuyagankuba.  
Ivyo tubivuga kuko tugifise  
ivyiyumviro vyo kugendera ku

bandi. Mbega abo bandi turabirako, batanguye bafise umuyagankuba n'amabarabara?

Ko dufise ishaka, nitubanze duteze imbere igisata ca mbere, dutere intambwe yambere. Umuyagankuba uwukenera uhingura, none twegeraniye ivyo duhingura?

Amabarabara uyakenera ushoro, none twahinguye ivyo dushora canke dushaka ibarabara ryo kuja gusuma. Mbega hoho dusumisha iki, tutashoye?

Ni muze rero duhere ku ntango kuko inkezi ikeba ubwo bireha

(Secteur Primaire), ni duhere kuvyaza umusaruro ubutunzi kama kuko tukiri mu ntango z'iterambere, duteze imbere uburimyi n'ubworozi, uburovyi, ubutare, n'ibindi.

27. Ndazi ko bigoye kwumva kuko twaracerewe kandi isi yaregeranye, abadusize baratunungwisha.

Nico gituma dushaka guhera vyose rimwe, bigaca bitunanira kuko imigere ibiri idatereka.

Turacambirwa gushora ivyo tutimbuye, turagomba

amahinguriro manini manini  
tutararonka ivyo duhingura ku  
rugero bishimishije.

**28.** Ko rero dushaka kuduga  
ningoga, ni muze tugire urutonde  
duhereye ku ntango.

Dukoze ivyambere, bizoduha  
umutahe wo kwubaka, mu gisata  
ca kabiri, amahinguriro ahingura  
ivyo dufise mu gisata ca mbere.

Gutyo rero duheze dushike no ku  
gisata ca gatatu kirimwo  
urudandazwa, gutwara abantu  
n'ibintu, amahoteri n'ingenzi,  
intwaro, inyigisho, amagara  
y'abantu, n'ibindi.

Hariho n'igisata ca kane (le quatrième secteur) giheruka kuvuka,

kiraba ibikorwa bijanye n'ubuhinga bwa none n'ubushakashatsi.

Ariko rero ko dufise ubwenge n'ishaka, tukaba dufise ibakwe ryo kubona abo twigana, twoja hamwe twogabura amayira, vyose tukabidugiriza rimwe.

Ariko bisaba kandi rwa rutonde navuga.

**Banyakwubahwa mwese,**

**29. Birashoboka ko Uburundi kiba igihugu cifise, cigaba kikigaburira ariko bisaba ishaka n'ingoga.**

Nico gituma twahuye turi imigwi itandukanye y'abasatirizi mw'iterambere.

Nivyo, ngaha umwe wese araba inyungu ziwe ko zubahirijwe, ariko inzego z'igihugu nazo ziraba ko inyungu za bose mu gihugu ko zubahirijwe.

Muri ibi biganiro rero, umwe wese arafise ico asaba uwundi kugira ntihase gusitana. Nico gituma ahakuru twaje kwiga ibibazo duhangana na vyo ku musi ku musi kugira dutore umuti uduhimbara twese.

30. Ku ruhande rw'igihugu, nagira jewe mvuge ibibazo duhanganye



kugira namwebwe mufashe  
uburongozi kubitorera umuti.

Nababwiye ibintu rusangi  
dutegerezwa kuba dufise ari co  
gituma navuze gusenyerera ku  
mugozi umwe.

Ubwambere turakeneye ko  
abarundi bose, na mwebwe  
abagwizatunga, bagira ubuzima  
bwiza mu gihugu c'amavukiro.

Ivyo navyo biba bisaba ko  
bafungura neza, bakaryama neza,  
bakavugwa neza, bakabaho mu  
kanyamuneza.

Ivyo navyo bisaba ko baba bafise  
amikoro. Nico gituma tubasabira

akazi iwanyu muri mwebwe abagwizatunga.

31. Ubugira kabiri turakeneye ko mufasha igihugu kugira naco kibafashe.

Kugira igihugu kibafashe ni uko kiba gifise amikoro na co nyene.

Nababwiye ko igihugu kibaha itunga kama, rusangi kugira murivyaze umusaruro ariko abaserukira ico gihugu mu bisata bitandukanye, bakora kugira ngo mworohere, barakeneye kubaho nabo.

Ni ukuvuga ko bakeneye uburyo bwo gukoresha ndetse n'ububatunga.

**Murakeneye ko igihugu kibubakira  
ivyo musangiye mwese:  
amabarabara mucishamwo  
ibidandazwa, amashule yo  
kwigisha abahinga, amavuriro yo  
kubabungabungira ubuzima.  
Ivyo vyose ntibishoboka ata  
mahera yinjira mu kigega.**

**32. None rero birakenerwa ko  
mutanga amakori kugira ivyo  
bikorwe; birakenerwa ko  
dusabikanya inyungu dukura  
mw'itunga rusangi kugira iyo  
nyungu iramire ababa mu gihugu  
bose.**

Ariko rero turabona ko hari abagwizatunga ivyo batavyumva na gatoyi,

bobo babona ko ikigega cabo cuzuye baba baba bakuyemwo akabo akarenge.

Muri abo turabona abanyegeza inyungu baronka kugira ngo ntibatange amakori.

Turabona abafata inyungu yabo, aho kuyivyaza bayijana mu mahanga kugirayo amazu, abandi bakaja gukorerayo ariko inyungu bakuyeyo ntibayigarukane mu gihugu.

Aha nagira ntere akamo mwebwe abagwizatunga b'abarundi.

Nimurabire akarorero ku bagwizatunga b'abanyamahanga bakorera ngaha.

Bobo twahahanwa bashaka gutwara itunga ry'uburundi iwabo kuko bazanya imitahe yabo baje gusuma. Namwe twahahanwa mujanye na dukeyi twari dufise kutunyegeza mu mahanga nkuko umengo igihugu hari aho kiroye.

33. Mubimenye neza: Mu Kirundi baca umugani ngo "uwuza gutera uburezi arabwibanza.

Ko muza kwubaka iz'abandi, mwebwe mwarahaheje kubaka urwanyu? Birababaje kubona

umurundi yungukira mu  
kuvy'igihugu agaca aja kwubaka  
hanze n'uyo avuka atarahubaka.  
Ikibabaje hari n'abaja kugura  
amazuru mu gihugu batazobahamwo  
na visa. Ubwo ni ubwenge  
bwayamye, mutegerezwa kuvyura.  
Ko mwajanye imitahe yanyu hanze  
hanyuma ntitubone inyungu itaha i  
Burundi?

34. Uno musu twaje kugira ivyo  
bibazo vyose tubishire ahabona;  
tuganire turabe igituma  
muhungishiriza inyungu zanyu mu  
bindi bihugu hanyuma tubitorere  
umuti.

Turabona kandi ko abagwizatunga benshi badashaka gukorera mu muco. Mutinya iki?

Mugushora hanze ntibashaka abababona kugira ntibinjize amahera mva makungu mbere n'ayagize ngo arinjiye bakayanogoza kugira ntaharurwe mu butunzi bw'igihugu. Ayo mahera mva makungu yinjira mu kinyegero agasubira mu makungu mu kinyegero. None mushaka igihugu kizobe igihugu cifashe gute kandi kitimbura ngo gishore.

35. Abashora ivyimbura vy'i Burundi mbega bashorera hehe ko abavyimbura batabona akunguko.

Aha mvuga nk'akawa, icayi, ubutare, ivyamwa, ubumenyi n'indi bishoka hanze.

Umurimy ntiyigera yunguka, igihugu Imana yahaye ubutare ntaco kironka ndetse n'umwigisha yabigishije ntiyigera yunguka.

Iyo abagwizatunga bakorera mu kinyegero, inyungu yabo ntiboneke ngo hatagwe amakori n'amatagisi, ivyo vyerekana ko igihugu kitamera, n'abenegihugu batagira amikoro yo gusuma.

None bimeze uko, ni nde yozana umutahe wiwe.

Kugira abanyamitahe b'abanyamahanga bayizane mu



Burundi, ni uko bazoba babonye ko mu Burundi hamera kandi hari isoko.

None ahantu na mwebwe abarundi muguma muhungana imitahe yanyu, mushaka ko umunyamahanga ayizana?

36. Ni haba ari uburongozi bw'igihugu butunganya nabi ubutunzi bw'igihugu, uyu ni umwanya wo kwinegura no kunegurana. Twipfuza ko iri hwaniro ryotuma dutora inyishu ku bibazo bimwe bimwe. Ariko nagira ndababwire ko kenshi n'abagenzi baduhanura bafatira ku nyifato

yacu kuko batabona neza ingene ubutunzi bw'igihugu butunganije kubera uko mukorera mu gipfungu. Nico gituma kenshi baduhanura gufata inzira idashika.

Nk'akarorero, mwaneyeje amahera mva makungu, bavuga ko tudafise ico dushora bagaca badusaba gutesha agaciro amafaranga y'amarundi. Ariko winjira mu gihugu ugasanga ubuzima buroroshe kubera abarundi baremye ubutunzi.

37. Uko kunyeyeza nyene kuzana kwica umwano. Kubera kwiyorobeka uwutunze akaja mu

mayira abiri, aboroga ko akenye kugira ntihagire uwumurabira kw'isahani.

38. Ugasanga umugwizatunga arira avuga ko yahomvye kugira ntatange ikori ariko ugasanga yaguze umuduga w'akataraboneka umurerura, ndetse yaguze inzu mu bihugu bitunze.

Umunyamahanga amwumvirije akagenda avuga ngo Uburundi burakenye.

Nizeye ko muzova muri iri koraniro mwihanuye kugira itunga ry'Uburundi ry'ukuri rije ahabona; tumenye ubukene bwacu n'ubutunzi bwacu.

**Notanga akarorero mbaza abari mu gisata c'akawa:**

**Mbega mu mwaka uheze mwashoye akawa kangana gute, akataronse isoko kangana gute?**

**39. Nta vyama vyera de kandi nta nyambo ibura agahonzi.**

**No kuruhande rw'uburongozi haracari agahaze.**

**Haracari indongozi zorohereza abagwizatunga kunyegeza itunga ryabo. Turacafise indongozi mu bisata bitandukanye zifasha abagwizatunga gucisha mu binywabi ibidandazwa vyabo. Turafise indongozi zigira nkunzi**

canke zaka ibiturire mu gutunganiriza abagwizatunga.

Bakima ibisabwa uyu, bakabiha uwundi ngo wewe akore urudandazwa gwiwe.

Mbere hari n'abugarira uyu, bakwugururira uwundi kugira umwe ahombe.

Murumva ko akari mu mpene kari no mu ntama. Abo ni abatwononera, bari bakwiye gukurikiza ingingo ngenderwako zigenga, Leta mvyeyi, Leta nkozi.

Aha naho ndashaka ko mudufasha guhasha iyo ngeso kugira tuzove aha dutanguye ingendo nshasha.

Erega mwebwe mubikorerwa ni mwebwe muzi impinyuro, ni mwebwe muzi n'aho tuzibiye canke twuguruye vyoca bigenda neza. Nico gituma nsavye ko twovuga tutarya umunwa.

**Ba nyakwubahwa mwese;**

40. Kuri ivyo vyose navuze, nashaka kurangiza ndabashikiriza icipfuzo canje.

Uno musu ntitwaje gutaba umushinge. Umushinge urahari

twaje kuwukomeza kugira dutangure kwubaka Uburundi bugana mu 2040-2060.

Ndipfuzaza ko twokwiga, tukamenya vy'ukuri uko Uburundi bwifashe ubu kuko uja mu kibira utazi ugaca inkoni utazi, wayitwaza ikakuvunikana.

Kuvuga ko Uburundi butagira amahera mva makungu kandi anyegejwe, kuvuga ko Uburundi bufise amahera menshi atembera arusha itunga abarundi bafise, kuvuga ko Uburundi butagira incabwenge, n'ayandi mahinyu menshi, ivyo vyose bituma dufata ingingo mbi.

Dukeneye ko tuzova ngaha dufata  
ingingo nziza, zituma dutera  
intambwe mw'iterambere,  
Atari ingingo zidusubiza inyuma  
nk'iyoy twaguyemwo tugatesha  
agaciro ifaranga tugasanga  
twihenze kubera abanyegeza ukuri.

41. Turipfuzako kandi ko mwotugira  
inama y'ingene uburongozi  
bwokora kugira koko itunga  
ry'uburundi ricungerwe kandi  
riduge ku neza ya bose.

Aha haje abahinga batari bake  
bakanongoreye mu bijanye  
n'iterambere ndetse bafise ico bazi



ku bindi bihugu vyateye imbere.

Impanuro zabo turazikeneye.

Ico nipfuza ni uko n'uburongozi

bwova mu gipfungu, bugakorera

ahabona ari naco gituma twafashe

ingingo yo gukoresha bwa buhinga

ngurukana bumenyi mu

gutsimbataza intaro ibereye,

itunganya neza itunga ry'igihugu.

42. Inyishu y'ivyo vyose ni kugira

inzego z'igihugu zikomeye, ziri ku

kivi, ziciye ubwenge, zifise umwete

kandi zikerebutse; zikunda

abanyagihugu zirongoye.

Hari n'abafise ivyiyumviro vyiza

vyo gutanguza ishirahamwe canke

ihinguriro, ariko bakabura uburyo  
 bukwiye bw'amafaranga,  
 ivyiyumviro vyabo bigaca bidindira,  
 mbere bagahava batana  
 n'ikigazuzo umugambi bari  
 barafise.

Mbere kandi n'indongozi bito  
 baburabuza imigambi canke  
 bakayiba bayibira abagenzi babo  
 kugira banigire mu menshi  
 uwitanguriye umugambi.

Ivyo ni vyo dutegerezwa kugwanya.

43. Turarindiriye rero  
 abagwizatunga mu bisata

bitangukanye, mu gisata c'uburimy  
n'ubworozi, mu gisata c'ingenzi,  
mu gisata c'ubutandaji  
hakoreshejwe amabarabara meza,  
ikiyaga canke indege.

Ibarabara ry'indarayi twese  
duhanze amaso, na cane cane  
abagwizatunga n'abadadaza rikaba  
ryofasha cane mw'irangura  
ry'umugambi w'igihugu cifashe  
kikigaburira mu 2040, giteye  
imbere mu 2060.

Nayo agacumu k'ubumwe k'abo  
dusanze dufashanya mu bikorwa  
vy'iterambere kazoba gakenewe,

**narirya ko ari ugufashanya  
twunguka twese.**

**44. Imbere yo gusozera,  
turabamenyesheje ko Reta  
ibandanya irondera ingene igisata  
c'abikorera ivyabo coter a imbere.**

**Izotera intege abashaka gushinga  
imigambi yunguka, igume icungera  
ko amategeko aboroheraza  
akurikizwa.**

**45. Ndashimiye bimwe  
vy'imvamutima abadushigikira  
mw'iterambere, abari hafi  
n'abariko baradukurikirana,  
abikorera ivyabo , abakunzi  
b'igihugu bose bitavye buno**

butumire, eka mwebwe mwese  
mwaje kugira tugire urunani mu  
kwubaka igihugu.

46. Ino misi ibiri itubere koko  
umuzinga, umusi aho umwe wese  
agira ico aterereye, twirimbure,  
tuzane ivyiyumviro, tuzane  
ubumenyi, tuzane ubuhinga, tuzane  
intahe zubaka, vyose  
tuvyegeranirize hamwe, twuzuze  
umuzinga wacu, Uburundi Imana  
Yaduhezagije butere imbere.

47. Ni kuri aya majambo ntangaje  
icese ko nuguruye Ihuriro  
ry'Igihugu ryo ku Rwego rwo  
hejuru mu kiyago

**c'amashirahamwe ya Reta  
n'ay'abikorera ivyabo, kuri uyu  
musi witiriwe « Umuzinga », ku  
ncuro yaryo igira kabiri, ko  
ryuguruwe icese.**

**Ni harambe ikiyago hagati y'ibisata  
vya Reta n'ivyabikorera utwabo  
kugira duteze imbere Uburundi**

**Ibikorwa vyiza, Murakoze !**